


# Өзиңизди ҳәм жақынларыңызды коронавирустан сақлаң

СУЎ РЕСУРСЛАРЫ ШЕКЛЕНГЕН АЙМАҚЛАР УШЫН

Балаларға ҳәм ересек адамларға усыныс



## Вируслар ҳаққында бизлер қандай мағлыўматқа ийемиз?

1. Вирусларды микроскопсыз көре алмаймыз
2. Вирус пенен инфекцияланған адамлар басында өзлерин жақсы сезеди, сол себепли өзлери билмеген ҳалда кеселлигин басқаларға жуқтырады
3. Вируслар ауыз силекейи арқалы адам жөтелгенде, түшкиргенде,сойлесиў ўақтында тарқалады



## Қалай етип вирус жуқтырып алыў мүмкин?



- Адам демди ишке жутқанда
- Вируслар болыўы мумкин болған затларды қолы менен услап,соң қолларын көзине, мурын ямаса аўызга тийгизсе




- Кеселленген адамлар менен қол алысып сәлемлескенде ҳәм құшакласқанда



- Қәўипсизлик шараларын көрмей кеселленген адамға қараған уақытта
- Жуўылмаған ярым шийки ямаса шийки гөш өнимлерин қолланғанда




Еслетпе UzWater Aware жойбары шегарасында ОААЭО ның әмелге асырыўында Европа аўқамының қоллап қуўатлаўўы менен әмелге асырылды Мағлыумат мазмуныны Орайлық Азияның Аймақлық Экологиялық Орайы (ОААЭО) жууапкершиликти өз мойнына алады хәм Европа аукамының көз қарасларын сәўлелендирмейди.


ҚАНИНЕЛЕР ҚОЛЛАРДЫ ҲӘР 4 СААТТАН ТАЗА АҒЫН СУЎДА САБЫНЛАП ЖУЎЫЎДЫ МӘСЛӘҲӘТ ЕТЕДИ

## Суў ресурслари шекленген регионларда профилактика хам қорғаныўдың альтернатив жолларынан пайдаланыў мақсетке муўапық

### Тосықларды жаратың

Қолларыңыз таза журсин. Транспортта, дуканларда, мекемелерде хәм тағы баска жәмийетлик орынларда ығал салфетка ямаса қағазлардан, қолқаплардан пайдаланың, ислетип болып жоқ етип жибериң.



### Контактларыңызды (байланысыўшы адамларды) шеклең

Жәмийетлик орынларда дистанция(аралықты) сақлаң, қол берип сәлемлеспең, перзентлериңизге ўақтынша балалар майданшасында ойнаўды рухсат етпең




### Адам көп жерлерде маска (нықап) тағым

Нықапларыңызды ҳар уш сааттан өзгертип турың. Көп мәртелик нықапларды жуўып турыў керек, егерде ондай имканы болмаса нықапларды еки тәрептен 70% ли спирт пенен ызгарлаң ямаса утюглең



### Тез-тезден хаўаны тазалап турың



Тез-тезден ханаларды, имаратларды ҳам автотранспорт салонларын самаллатып турың

### Дезинфекция қуралларын алып қойың

АНТИСЕПТИК ЕРИТПЕСИН бархулла жаныңызда, жумыс ислейтуғын орныңызда, машинаңыз салонында алып жүриң. Еритпени үй шараятында да таярлаў мумкин.

